

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar pedaran anu geus ditepikeun dina bab saméméhna, ieu panalungtikan ngahasilkeun kacindekan saperti ieu di handap.

- 1) Kampung Naga minangka salasihiji kampung adat di Jawa Barat miboga dua sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial nu geus tangtu jeung lumangsung ti sababaraha taun ka tukang. Sistem anu teu robah ti mangsa ka mangsa sarta masih dipaké nepi ka kiwari. Sistem kamasarakatan nu aya di Kampung Naga nya éta sistem *kekerabatan* jeung sistem pamaréntahan. Sistem *kekerabatan* nya éta sistem nu aya patalina jeung kulawarga, nu ngawengku Bapa, Indung, jeung Budak, Ari sistem pamaréntahan disebut ogé sistem kapamingpinan dina organisasi sosial nu aya di Kampung Naga. Sistem kapamingpinan ngawengku kapamingpinan formal jeung informal (kapamingpinan adat).
- 2) Pola kahirupan masarakat Kampung Naga masih kénéh nyekel pageuh adat-istiadat titinggal karuhunna. Ieu hal bisa katingali jelas bédana lamun dibandingkeun jeung masarakat séjén anu hirup kumbuh di saluareun Kampung Naga. Masarakat Kampung Naga hirup dina hiji pola nu diatur dina suasana anu basajan, dibarung ku norma jeung nilai nu aya kalawan lingkungan kearifan tradisional nu leket.
- 3) Ajén-inajén anu nyangkaruk di kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga nya éta ngajadikeun budak atawa anggota masarakat nu miboga sikep jeung karakter nu ngabudaya, aya dina kahirupan nu basajan, nurut jeung tuhu kana aturan, tanggung jawab kalawan dibarung ku étika nu hadé. Tangtu dina hirup kumbuh sapopoéna ogé dibekelan ku sikep hirup sauyunan, silih hargaan, silih mikanyaah, paduli sosial, jeung solidaritas anu linuhung. Budak ogé diajar jadi jalma nu miboga ahlak nu hadé jeung réligius, saperti numuwuhkeun sikep nu teu ngabéda-bédakeun, ngajaga silaturahmi, jembar ku pangaweruh, jeung paduli alam sabudeureun.

- 4) Sistem dina ngawariskeun ajén atikan nu ngawengku ajén moral, ajén sosial, ajén agama kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga dilakukeun sacara turun-tumurun ngaliwatan paripolah sapopoé ogé basa lisan dina ngawariskeunana, nu nepi ka kiwari masih dipertahankeun nu ngajanggélék dina sikep jeung karakter masarakat dina laku lampah sapopoéna.
- 5) Hasil panalungtikan ngeunaan sistem ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga bisa dijadikeun alternatif bahan ajar, misalna dina wangun modél pangajaran ka siswa SMA kelas XII.

5.2 Saran

Saréngséna ieu panalungtikan, minangkan bagian ahir tina ieu pedaran aya sababaraha saran anu ditepikeun nya éta.

- 1) Sistem kamasarakatan mangrupa bagian tina unsur budaya. Nu tangtu kudu tetep dimumulé ogé diajénan minangka salah sahiji kabeungharan budaya.
- 2) Kudu ayana pawarisan adat istiadat ti generasi saméméhna ka generasi satuluyna minangka salah sahiji cara dina ngajaga tradisi-tradisi luluhurna. Nu guna pikeun ngawangun sikep jeung karakterna utamana dina ajén atikanana nu ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama.
- 3) Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh siswa sarta masarakat umum, hususna pikeun mikawanoh salah sahiji unsur budaya.
- 4) Hasil panalungtikan ngeunaan sistem ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga bisa dijadikeun alternatif bahan ajar pikeun guru-guru di sakola. Contona nu ngajanggélék dina wangun modél pangajaran pikeun bahan pangajaran di SMA. Lian ti éta bisa ogé dimekarkeun pikeun bahan pangajaran séjénna.
- 5) Dina ieu panalungtikan masih réa kénéh kakurangan sarta kahéngkérana, ku kituna, dipiharep aya panalungtik séjén nu nalungtik ieu pasualan sacara leuwih jero jeung leuwih lega deui.